

VAKSEN MENENGOKOSIK

S A O U G E N P O U K O N N E N

1 Kisa maladi menengokosik la ye ?

Maladi menengokosik se yon gwo maladi grav, se yon bakteri ki koze maladi sa a. Se limenm ki kòz prensipal maladi menenjit bakteryèl sou timoun nan laj 12 a 18 an isit la nan peyi Etazini.

Menenjit se yon enfeksyon nan likid ki toutotou sèvo ak chenn do. Yon lòt enfeksyon ke maladi menengokosik la koze se enfeksyon san.

Apeprè 2 600 moun soufri maladi menengokosik chak lane isit la nan peyi Etazini. Ant 10 a 15% nan moun sa yo mouri, kwak yo resevwa tretman ak antibyotik. Nan sa ki pa mouri yo, ant 11 a 19% nan moun sa yo pèdi swa bra swa janm yo, yo vin soud, yo gen pwoblèm ak sistèm nè yo, yo vin gen retadasyon mantal, oubyen yo soufri kriz ak estwok.

Nenpòt moun ka gen maladi menengokosik la. Men li pli komen sou timoun ki poko gen laj ennan ak moun ki gen kèk pwoblèm medikal tankou moun ki manke rat. Jèn elèv premye ane nan kolèj ki abite nan dòmitye kolèj gen pi plis chans pou yo atrape maladi menengokosik la.

Enfeksyon menengokosik ka trete ak medikaman tankou penisilin. Men kanmenm, apeprè 1 moun sou dis moun ki atrape maladi a mouri poutèt li, e anpil lòt moun gen pwoblèm poutèt li pandan tout lavi yo. Se pou rezon sa a li enpòtan pou anpeche moun, ki gen plis chans pou yo malad, atrape maladi a ak vaksen menengokosik la.

2 Vaksen menengokosik

Gen 2 vaksen menengokosik ki disponib isit la nan peyi Etazini :

- **Vaksen menengokosik polisakarid (MPSV4)** la disponib depi nan ane 1970 yo.
- **Vaksen menengokosik konjige (MCV4)** la gen otorizasyon federal depi lane 2005.

Toude vaksen yo ka anpeche **4 diferan tip** maladi menengokosik yo, ansanm ak 2 nan 3 diferan tip pi komen yo nan peyi Etazini ak yon tip ki koze epidemik nan peyi Afriken. Vaksen menengokosik pa ka anpeche tout diferan tip maladi a. Men li pwoteje

anpil moun ki ka atrape maladi a si yo pa resevwa vaksen an.

Toude vaksen yo mache byen, e pwoteje apeprè 90% nan moun ki resevwa li. MCV4 ap bay meyè pwoteksyon ki dire pi lontan.

MCV4 sipoze meyè tou nan anpeche maladi la transmèt de yon moun a yon lòt.

3 Kilès ki pou resevwa vaksen menengokosik e ki lè pou moun lan resevwa li ?

MCV4 rekòmande pou tout timoun nan konsiltasyon nòmal yo fè nan klinik doktè anvan laj tinedjè (laj 11 a 12 an). Pou moun ki pa janm resevwa MCV4 oparavan, li rekòmande pou resevwa yon dòz yon fwa timoun lan nan laj pou li kòmanse high school.

Lòt jèn moun ki vle diminye risk pou yo pa soufri maladi menengokosik la ka resevwa vaksen an tou.

Vaksen menengokosik rekòmande tou pou lòt moun ki gen anpil chans pou yo atrape maladi menengokosik la :

- Elèv nan premye ane kolèj ki abite nan dòmitye kolèj.
- Mikwobyolojist ki souvan vin an kontak ak bakteri menengokosik la.
- Ajan sèvis rekritman militè ameriken
- Nenpòt moun ki pral vwayaje, oubyen ki abite, nan zòn mondyal kote maladi menengokosik la òdinè, tankou nan kèk peyi Afriken.
- Nenpòt moun ki gen rat ki andomaje, oubyen ki pa gen rat ankò.
- Nenpòt moun ki gen yon ensifisans konpozisyon kompleman tèminal (yon pwoblèm nan sistèm iminitè).
- Moun ki te ka an kontak ak menenjit pandan yon epidemik.

MCV4 se vaksen preferab la pou moun ki gen ant laj 11 a 55 an nan gwoup moun sa yo ki an danje, men MPSV4 ka sèvi si MCV4 pa disponib. MPSV4 fèt pou li itilize pou timoun ki gen ant laj 2 a 10 an, ak granmoun ki gen plis pase laj 55 an, e ki gen anpil chans pou yo atrape maladi a.

Ki kantite doz ?

Moun ki gen laj 2 an oubyen plis fèt pou pran 1 dòz. (Pafwa, yon dòz siplemantè rekòmande pou moun ki toujou nan gwoup moun ki gen anpil chans pou yo atrape maladi a. Pale a doktè a de sa.)

MPSV4 ka rekòmande pou timoun ki gen ant laj 3 mwa a laj 2 an nan sitiyasyon espesyal. Timoun sa yo fèt pou yo resevwa 2 dòz, nan yon peryòd 3 mwa.

4

Kèk moun pa dwe pran vaksen menengokosik la oubyen ki dwe tann.

- Nenpòt moun ki janm gen yon gwo (ki ka touye) **reyaksyon alèji anvan ak yon dòz** vaksen kont menengokosik pa fèt pou pran yon lòt dòz.
- Nenpòt moun ki te gen yon gwo (ki ka touye) **reyaksyon alèji ak yon engredyen nenpòt vaksen** pa fèt pou pran vaksen an. Di doktè a sa si ou te janm gen gwo alèji.
- Nenpòt moun ki **malad yon ti kal oubyen malad grav** lè li sipoze pran piki a dwe tann jistan li rekipere pou li pran vaksen an. Mande doktè ou oubyen enfimyè a. Anjeneral, moun ki gen yon maladi pa twò grav ka pran vaksen an.
- Nenpòt moun ki te janm gen **Sendwòm Guillain-Barré** fèt pou pale ak doktè pa yo anvan ke yo pran MCV4.
- Vaksen menengokosik ka administre bay fanm ansent. Sepandan, MCV4 se yon nouvo vaksen e li pat etidye sou fanm ansent menm jan ak MPSV4. Fòk li itilize sèlman si li vreman nesèsè.
- Ou ka pran vaksen menengokosik la menm lè ak lòt vaksen.

5

Ki risk ki genyen nan yon vaksen menengokosik ?

Yon vaksen, tankou nenpòt vaksen, ka petèt bay gwo pwoblèm, tankou gwo alèji. Risk pou vaksen menengokosik bay gwo danje, oubyen lanmò, piti anpil.

Ti pwoblèm leje

An maksimòm, mwatye nan moun ki resevwa vaksen menengokosik la gen ti efè segondè, tankou pou wouj oubyen doulè kote moun lan resevwa piki a.

Si gen pwoblèm sa yo, yo dire apeprè 1 a 2 jou. Yo pi komen apre MCV4 pase apre MPSV4.

Yon ti pousantaj nan moun ki resevwa vaksen an ka vin gen yon lafyè.

Gwo pwoblèm grav

- Gwo reyakasyon alèji, nan lespas detwa minit a detwa zèdtan apre piki a, pa rive souvan menm.
- Kèk moun ak sendwòm Guillain-Barré, yon gwo pwoblèm sistèm nè, te dokimante pami moun ki resevwa MCV4. Poko gen ase prèv pou ka si wi oubyen non se vaksen an ki koze sa. Anplwaye medikal yo ap fè ankèt sou sa.

6

Men si gen yon reyakasyon pa twò grav oubyen ki grav enpe ?

Kisa pou mwen veve ?

- Nenpòt kondisyon ki pa nòmal, tankou gwo lafyè oubyen chanjman nan konpòteman. Si gen yon gwo reyakasyon alèji ka enkli pwoblèm respirasyon, vwa anwe oubyen respirasyon fò, itikè, vin pal, feblès, batman kè rapid oubyen vètij.

Kisa pou mwen fè ?

- **Rele** yon doktè, oubyen mennen moun nan ba yon doktè touswit.
- **Di** doktè a sa ki rive, dat ak lè li rive, epi ki lè ou te resevwa piki a.
- **Mande** doktè a, enfimyè a oubyen depatman lasante a pou make reyakasyon an nan papye Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS) [Sistèm Dosye Move Reyakasyon ak Vaksen].

Oubyen ou ka ranpli papye sa a nan sit entènèt VAERS la nan www.vaers.org, oubyen ou ka rele nan 1-800-822-7967.

VAERS pa ofri konsèy medikal.

7

Kijan pou mwen aprann plis ?

- Pale ak doktè a oubyen ak enfimyè a. Yo ka ba ou papye enfòmasyon ki vin ak vaksen an oubyen yo ka sijere lòt kote ou ka jwenn enfòmasyon.
- Rele depatman lasante nan vwazinaj la oubyen nan biwo santral leta a.
- Pran kontak ak Sant pou Kontwòl epi Prevansyon Maladi [Centers for Disease Control and Prevention oubyen CDC] :
 - Rele nan **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)**
 - Ale sou sit entènèt Pwogram Vaksinasyon Nasyonal CDC a nan <http://www.cdc.gov/nip>
 - Ale sou sit entènèt maladi menengokosik CDC a nan www.cdc.gov/ncidod/dbmd/diseaseinfo/meningococcal_g.htm
 - Ale sou sit entènèt sante moun kap vwayaje CDC a nan www.cdc.gov/travel



DEPARTMENT OF HEALTH AND HUMAN SERVICES
(DEPATMAN LASANTE AK SÈVIS IMEN)
Centers for Disease Control and Prevention
(Sant pou Kontwòl ak Anpechman Maladi)

National Immunization Program (Pwogram Vaksinasyon Nasyonal)